ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№188 (22.096) ● 2011 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 7, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

2011 гъэм и бжьыхьэм щІыхуэхр дзэм къулыкъу щащІэну гъэкІуэныр къыздэсымыкІэ лэжьыпхьэхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1984 - 1993 гъэхэм къалъхуа цІыхуу илъэс 27-рэ иримыкъуахэр икІи запасым щымыІэхэр 2011 гъэм и бжьыхьэм дзэм къулыкъу щащІэну гъэкІуэныр къызэрэпэщым мурадкІэ икІи «Дзэм къулыкъу щыщІэныжьмкІэ къалэнымрэ дзэ къулыкъымрэ я Іуэхукіэ» Федералькъэ законым ипкъ иткІэ, **унафэ щІ**:

1. Къэщтэн мы Указым щІыгъуэу:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дзэм зыгъаКІуэ и комиссэм хэтхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ дзэм зыгъаКІуэ я комиссэхэм хэтхэр;

2011 гъэм и бжьыхьэм дзэм къулыкъу щащІэну ягъэкІуэн хуей цІыхухэм я узынщагъэр къыщІэщытэну, абыхэм щеІэзэну медицинэ Іуэхущ1апІэхэм я спискэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ щІыпІэ унафэр зезыгъаКІуэ я органхэм чэнджэщ етын 2011 гъэм и бжьыхьэм цІыхуэр ягъэува пІалъэхэм кІуибыдэу дзэм гъэкІуэныр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комисариатым и къудамэхэм, республикэм и властым и гъэзэщІакІуэ органхэм, предприятэхэм, Іуэхущ1апІэхэм, организацэхэм яущІыгъуу къызэрагъэпэщыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ1алэгъуалэм я Іуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкІэ и министерствэм хуэгъэувын цІыхуэр дзэм гъэкІуэныр пыщІа Іуэхуэр хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм къыщагъэльэгъуэныр къызэригъэпэщыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ1алэгъуалэм я Іуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкІэ и министерствэм хуэгъэувын цІыхуэр дзэм гъэкІуэныр пыщІа Іуэхуэр хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм къыщагъэльэгъуэныр къызэригъэпэщыну.

5. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм фокІадэм и 30-м
№137-УП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныжьмкІэ къулыкъущІапІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ №19-УП-м, 2007 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м къыдэкІам, зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныжьмкІэ къулыкъущІапІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ №19-УП-м, 2007 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м къыдэкІам, зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным икІи абы хэт «цІыхуэ 10, къулыкъущІэ я улахуэхэмкІэ мазэ фондыр сом мин 43,9-рэ хъууэ» псалъэхэр зэхъуэкІыным «цІыхуэ 18, къулыкъущІэ я улахуэхэмкІэ мазэ фондыр сом мини 102,36-рэ хъууэ» жиІэу.

2. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м
№138-УП

● КъБР-м и Парламентым

КъБР-м и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр

2011 гъэм фокІадэм и 29-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьищтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм я Іуэхукіэ» КъБР-м и Законыр. Абы зэкъыридзауэ товсхлъыхь КъБР-м и Парламентым Законхэр кьылдэкІыцІымрэ къэралуухэмкІэ и комитетым и унафэщІ Іэпщэ Заур.

«УРЫСЕЙ Федерацэм и субъектхэм къэрал властым и лІыкІуэ (законхэр къыдэзыгъэкІ), гъэзэщІакІуэ органхэм я къызэгъэпэщыкІэм и лъэныкъуэкІэ псоми я зэхуэдэ хабзэхэм я Іуэхукіэ» Федералькъэ законым 2010 гъэм дыгъэгъазэм халъхьауэ щыгащ Урысей Федераціэм и субъектым и къулыкъущІэ зэхъыщхьэм зэреджэр къэралым и унафэщІым - Урысей Федерацэм и Президентым и къулыкъым зэреджэм техуэу щытын зэрыхуэмейм тещыхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр. ЩІыналъэхэм езыхэм я конституцэхэр е уставхэр а зэхъуэкІыныгъэм ипкъ иткІэ Федералькъэ законым ирагъэзэгъыжьын хуейщ 2015 гъэм щІыщылэм и 1-м нэсыху. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьищта Законым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент» къулыкъур зэрихьэкІащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэщ1» жиІэу. А зэхъуэкІыныгъэхэм кьару ягъуэт 2012 гъэм щІыщылэм и 1-м щегъэжьауэ.

А зэманым нэсыху, законым и бзэкІэ жыпІэмэ, зэхъуэкІыныгъэхэм я лъэхъэнэу екІуэкІынущ икІи а лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэ мардэхэр ирагъэзэгъыжьын хуейщ Конституцэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм.

Абы кьыдэкІуэу къэгъэлъэгъуапхъэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэ мардэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэху, абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым теухуауэ итхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэщ1ым ельэлІауэ къызэралытэр. Хабзэ мардэхэм къызэрыщекІуэкІымкІэ убгъэдыхьэмэ, абы кьикІыр республикэм и унафэщІым официальнэу и къулыкъым зэреджэнур ящІыпсту щыщІэдзауэ къэбгъэсэбэп зэрыхьунурщ.

НэгъуэщІ зы зэхъуэкІыныгъи зи хэкум къэзыгъэзэжхэм ятеухуауэ щыІэщ. Дэ абыхэм я Іуэхур, ягъэхэми хуэдэу, Конституцэм къызэрыхэдгэжьын Іэмал къэдгъуэтащ икІи абы мыхьэпщхуэ иІэу къызолытэ. А Іэмалыр нобэм ирихьэлІэу къєзэгъыу къалЫтэ прокуратурэмэ УФ-м Юстицэмкіэ и министерствэм и щІыналъэ Іуэхуэщ1апІэми. Ахэрт зи хэку къэзыгъэзэжхэм ятеухуа Іуэхугъуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм хэгъэкІын хуейуэ къэзыгъэзэувыр.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

ХэкІыпІэхэр яубзыху

● КъБР-м и Жылагъуэ палатэм

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмкіэ, щІалэгъуалэм политикэмрэ спортымкіэ и комиссэм зэІущІэ иригъэкІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я псэкупсэ-щІыпкъагъэ гъэсэныгъэм.

ЗЭІУЩІЭМ кІрихьэлІащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт, ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым и унафэщІ **Иуан Петр**, Егъэджакіуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахьуэ институтым и унафэщІ, КъБКЪУ-м и профессор **Емуз Нинэ**, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и лэжьакІуэ **Алокьуэ Ритэ**, КъБР-м щІалэгъуалэм я Іуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкІэ и министрым, и къуэдзэ **Гергоков Джамбулат**, республикэм и кьалэхэм, районхэм дэт курыт еджапІэхэм я унафэщІхэр, Жылагъуэ палатэм хэтхэр.

ЗэІущІэр къыдэІуихри, кьыдэкІуэтей щІэблэм гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэльхьэным мыхьэнэшхуэ зэриІэр, абыкІэ кьалэн нэхъыбэрэ зыгъэзащІэ унагъуэр зэрырарар, къыкІэлыкІуэу курыт школым щылажьэхэм Іуэхугъуэшхуэ я пщэ къыззэрыдэхуэр жиІащ Иуан Петр. Апхуэдэуи къыхигъэщащ апэм щІэблэм я дуней тетыкІэу щытамрэ иджырейхэмрэ зэрызэмыщхьыжьыр, нобэрей щІалэгъуалэм нэхъыбэ зэрарэр, куэд зэрахуэзэфІэкІыр, ауэ псэкупсэ кьулеягъыр кІуэ пэтми нэхъ Іэпэдэгъэлэл ящІу гу зэрыльытэр. Иуаным жиІащ зи гугъу ищІ Іуэхугъуэр зэманым къыздихьа зэхъуэкІыныгъэхэм елытауэ куэдым къыззралытэр, ауэ набдзэгубзапльэу ухэпльэмэ, нэхъыжьхэм я деж куэд къыззэрыщынэ наІуэ зэрыхьур. Псальэм кьыдэкІуэу жыпІэмэ, щІэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта щІалэгъуалэр лэжьыгъэкІэ тэмэму кьыззрамыгъэпэщыфмэ, еджэну жэрдэм дэнэ кьрахьи?

Емуз Нинэ кьыщыпсалъэм кьытеувыІащ псэкупсэ-щІыпкъагъэ гъэсэныгъэкІэ дызэджэ гурыІуэныгъэр куэд щІауэ зэрытлІэкІуэдар, абы мыхьумышІагъэ куэд кьызэрыригъэкІуэр. Ар зи лажьэр сабийм, щІалэгъуалэм я закъуэжьым, атІэ жыпІэщ унагъуэр, курыт школыр. «Мис абыхэм я дежщ кьыщежьэр кьыдэкІуэтей щІэблэм я зыныгъыкІэри гупсысэкІэри зыхуэдэнур, - жиІащ Нинэ. - Сэ нэхъыбэу сызыгъэпІейтейр лъэпкь зэхэщІыкІыр, псэкупсэ кьулеягъыр зэрыпІэщІэкІырщ. Ди кьарум и нэхъыбэри здэдунэтІын хуей лъэныкъуэр аращ, сыт щхьэжьэ жыпІэмэ, нобэ дгъэзэжьэжьну зи ужь диха Іуэхум папщІэ абы фы куэд кьрикуэнущ».

«Стіол хуэрейм» кьрихьэлІа Іэщ1агъэлІхэм ящІщ дэтхэнэми кьигъэльэгъуащ зытепсэльыхь Іуэхум теуха и гупсысэхэр икІи щытыкІэм хэжьныІэ хуэхьуну кьальытэхэри жаІащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтыр
КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

● МэкъумэщІ ІэнатІэ

Гъавэрэ Іэщхэкіыу сом мелард 16 и уасэ

ЗэкІэ къыззрабжамкІэ, 2011 гъэм и щІыщылэ - щыщхьэІу мазэхэм кьриубыдэу республикэм и мэкъумэщыщІэхэм гъавэрэ Іэщхэкіыу сом мелард 16-м щІыщІу и уасэ е нэгьабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ проценти 101,6-рэ кьалэжьащ.

А ЗЭМАНЫМ республикэм и мэкъумэщ предприятэхэм, унагъуэхэм, цІыхуу щхьэхуэхэм гъэщу тонн мин 240-рэ хуэдиз е 2010 гъэм и апэ мази 8-м елъытауэ проценти 7,5-кІэ нэхъыбэ къашащ. Былымыдрэ джэдылу тонн мин 43-м щІигъу (нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ проценти 3,4-кІэ нэхъыбэ), джэдыкІэу мелуан 123-м нэблагъэ (процент 1,8-кІэ нэхъыбэ) къалэжьащ.

Нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ республикэм быдыму проценти 5,8-кІэ (мин 247-рэ хуэдиз) къхуэуэ проценти 10-кІэ (мин 54-м щІигъу), бжэнрэ мэлу процент 11,5-кІэ (мин 365-м щІигъу) нэхъыбэ иІэщ.

КъБР-м Мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

ЗэпэщІэтынныгъэр зэщІэпльэну?

ИТАР-ТАСС хьыбарегъащІэ ІэнатІэм дыгъуасэ кьыззритамкІэ, Іэщхэкі зэщІэуэгъуэу Сирием и властым кьынэщІэува гупхэм махуэ къэс щІэпхъаджагъэхэр ялъэк. Хэкіуадахэм я бжьгъэм хэхъуэ зэпытщ. Къэралпсор кьызэщІиІэтащ илъэс 22-р зи ныбжь, республикэм и муфтий нэхъыщхьэ, щейх Ахьмэд Бадреддин Хассун и кьуэр зэраукІам. Ар гушыхьэ щыхьэуащ президент Асад Башар и телъхьэ сунниг жылагъуэм.

Сирием и лІыкІуэу ООН-м щыІэ Ахьмэд аль-Джаафари зэрыжиІамкІэ, Іэщхэкі зэщІэузда экстремистхэм кьэралыр зэщІаблащ. Абыхэм яуклыр заузлІхэмрэ полицейскэхэмрэ я закъуэкъым, атІэ мамыру псэу щІыхуэхри, кьулыкъущІэхэри, щэнхабзэм, щІэныгъэм я лэжьакІуэхри хокІуадэ. А щІэпхъаджагъэхэр зыгъэзахуэ, абыхэм ядэІэпыкъу кьэралхэр лІыкІуэм игъэкъуэншащ.

- Жылагъуэм кьигъэув Іуэхугъуэхэр кьилытэри, Сирием и власть зэхъуэкІыныгъэхэр егъэкІуэкІын щІидзащ, ауэ ар КъухьапІэ Европэм и кьэралхэм яльагъуну хуейкъым, тепщныгъэхэмрэ санкцэхэмрэ я политикэр яІыгъщи», - жиІащ абы.

Ираным и «Фарс» хьыбарегъащІэ ІэнатІэм кьыззритамкІэ, Тыркум кьэрал щІыб Іуэхухэмкіэ и министр Давутоглу Ахьмэд телефонкІэ епсалъэу, Сирием и президентым кьыхигъэщащ Ливием зэрыращІам ещхьу, я кьэралым кьытеуэмэ, и ракетэ установкэхэр Голанскэ льагаІэхэм нигъэсу, Тель-Авиврэ Израилым и адрей кьалэхэмрэ Іэщ1эу иІэмкІэ зэреуэнур. Абы итІанэ кьыдэІэпыкьунущ Ливаным и «Хезболлах» зэгухьэныгъэри, Ираным и дзэри занщІэу еуэнущ США-м ейуэ Перс псыдэжьпІэм тет кхьухьхэм.

Ирагъэблагъэ

РИА НОВОСТИ хьыбарегъащІэ ІэнатІэм кьыззритамкІэ, Франджым и президент Саркозэ Николя къэрал Іуэхукіэ дыгъуасэ Ермолым кІуащ. Ар абы щыІущІэнущ Ермолым и президент Саргсян Серж, «Цицернакаберд» фэпльым кІуэнущ, геноид зращІыІа ермолыхэм щІэзэрахущІыр кьигъэльэгъуну.

Франджымрэ Ермолымрэ я президентхэр хэтынущ лъэпкъкІэ ермэлы, франджы уэрэджыІакІуэ Азнавур Шарль и унэ-музейр Еревани кьащІэзэІухьным иращІылІэ гуфІэгъуэ пшыхьым.

Ермолым статистикэмкІэ и лъэпкъ Іуэхущ1апІэм кьызэритымкІэ, мы щэм и щІыщылэ - мэкъуаугъуэ мазэхэм абы инвестицэ ахьщэ нэхъыбэ хуэзыІупщащ къэралхэм Франджыр ящІущ (Урысейм - доллар мелуан 206,6-рэ; Франджым - доллар мелуан 68,1-рэ; США-м - доллар мелуан 35,2-рэ). ИкІи а бжьгъэм куэдкІэ хигъэхъуэну Саркози Николя и мурадщ.

Зэщ1еяхэщ

РИА НОВОСТИ хьыбарегъащІэ ІэнатІэм дыгъуасэ кьызэритамкІэ, Китайм и унафэщІхэм кьащта унафэм ипкъ иткІэ, а къэралым кІуэну хуит зыщІ визэ ираты нукъым Эстониям и кьулыкъущІэ, политик зыбжанэм, щыщхьэІум Далай-ламэ Таллин щыкІуам абы зэрыІущІам кьыхэкІыу. Ар хуэдэхэм ящыщу кьыщІэкІащ Тарту и университетым и ректор Карис Алар. Абы Китайм кІуэну мурад ищІат. Щанхай щекІуэкІыну дунейпсо конференцым хэтыни папщІэ, ауэ къэрал гъунапкъэхэр зэпиупщІыну хуит ящІакъым.

Таллин щыхьэщІэу, Далай-ламэ ІущІауэ щытащ Эстониям и президент Томас Хендрик Ильвес, зыхъумэжьныгъэмкІэ министр Лаар Март (а зэманым правительствэм и унафэщІым и кьалэнхэр игъэзащІэрт), министр, парламентым и депутат зыбжанэ. Карис Алар Далай-ламэ щыІущІам, абы иритат ар Тарту и университетым щІыхь зиІэ и доктору зэрыхахьмкІэ медаль.

Апхуэдизу хэІэтыкІауэ Далай-ламэ Таллин зэрыщагъэхьэщІар Китайм егъэлеяуэ игу ирихьатэкъым, икІи и унафэщІхэм кьыхагъэщат къэралитІым я зэхущытыкІэхэр зэрызэІыхьэнур. Иджы ар нэрылъагъу хъууэ хуежьащ.

НОБЭ

■Илъэси 10 и пэкІэ США-мрэ Инджылызымрэ я дзэхэр Афганистаным ягъэхІущ, «Аль-Каидэм» и унафэщІхэр яубыдынырэ я кьалэну.

■Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1 Путин Владимир кьыщалъхуа махуэщ.

■Жэпуэгъуэм и 7 - 10-хэм Дубровинэ (Хорватие) щызэхэтынущ ОБСЕ-м и Парламент ассамблеем и бжьыхьэ сессие.

■Жэпуэгъуэм и 7 - 10-хэм Бухарест (Румыние) щекІуэкІынущ НАТО-м и Парламент ассамблеем и 57-нэ сессие.

■1918 гъэм Даутокъуэ-Серебряков Заурбэч и дзэм Налшык иубыдащ.

Дунейм и щытыкІэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкІэ, нобэ Налшык пшэртехьэ-текІуэ щыщытынущ, хуабэу махуэм градус 20, жэщым градус 14 щыІэнущ.

Пілапізэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩІО Зарифи.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м *№530-рп*

ФИДЕ-м и Гран-при саугъэтыр къэхъыным теухуауэ щІыхубзхэм шахматымкІэ я зэхьэзэхуэр Налшык къалэм 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 8 - 23-хэм кьыщызэгъэпэщын икІи щегъэжьІуэкІын мурадкІэ:

1. ФИДЕ-м и Гран-при саугъэтыр къэхъыным теухуауэ щІыхубзхэм шахматымкІэ я зэхьэзэхуэр гъэхьэзырыныжьмкІэ егъэкІуэкІыныжьмкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр къэщтэн, мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымкіэ, туризмымрэ курортхэмкіэ и министерствэм хуэгъэувын Гран-при саугъэтыр къэхъыным зэхьэзэхуэр гъэхьэзырыныжьмкІэ егъэкІуэкІыныжьмкІэ къызэрагъэпэщыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэм хуэгъэувын мы Іуэхум текІуэдэну ахьщэр кьиутыпщыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 ГЕРТЕР Иван

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м кьыдигъэкІа Унафэ №530-рп-мкІэ кьыщтащ

ФИДЕ-м и Гран-при саугъэтыр къэхъыным теухуауэ щІыхубзхэм шахматымкІэ я зэхьэзэхуэр гъэхьэзырынымрэ егъэкІуэкІынымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр

Гертер И. К. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ыр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэщ)*

АфІэунэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкІэ, туризмымрэ курортхэмкІэ и министрыр*(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

Абрэдж І. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэр

Амщокъуэ Ф. Кь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хьумэныжьмкІэ и министрыр

Балгабаев Б. Т.- ФИДЕ-м и Іуэхущ1апІэу Урысей Федерацэм щыІэм и унафэщІыр *(эгъуэгурыІуауэ)*

Васильев С. В. - къэрал кІуэпІ Іуэхухэмкіэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр *(эгъуэгурыІуауэ)*

Гузиев Р. Д.- «Къэббалъкъинтурист» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и генеральнэ директорым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр *(эгъуэгурыІуауэ)*

Кьало З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я Іуэхухэмкіэ управленэм и унафэщІыр

Кменный С. Л. - Урысей Федерацэм Шынагъэ ншагъэмкІэ и федеральнэ кьулыкъущІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(эгъуэгурыІуауэ)*

Мэпыкьуэ Б. М. - «Ростелеком» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ1апІэм и унафэщІыр *(эгъуэгурыІуауэ)*

Пащты Б. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІалэгъуалэм я Іуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр

Сунш А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымкІэ и министрыр

Фырэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрыр

Хьэгъэ З. А. - Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхэр *(эгъуэгурыІуауэ)*

Щокьарэ З. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм и унафэщІыр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и пресс-секретарыр.

Япэ мазихым

● Къэрал Іуэхущ1апІэхэм

2011 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и республикэ бюджетыр япэ илъэс ныкъуэм профицитыр сом зы мелардрэ мелуан 800-м щІигъу хъууэ гъэзэщІа хъущ.

ФИНАНСХЭМКІЭ министрым зэрыжиІамкІэ, бюджетыр тэмэму зэкІэлъытыгъэкІуэным сэбэп хуэхъуащ республикэм и мылъкум щыщу сом мелардрэ мелуан 200-рэ банк кредитхэр пшныжьымкІэ зэрыхухахар, федеральнэ ахъщэу хъахуэнар сом мелуан 668-рэ мэхъу.

Хэхъуэхэмкіэ республикэ бюджетыр сом мелари 10,9-кІэ е илъэсым зытрахуауэ щытам и процент 54-кІэ ягъэзэщІащ. Нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ сом мелуан 637-кІэ нэхъыбэ кьыІэрыхьащ.

Бюджетым хэхъуэмкІэ и Іыхьэр налог лІэужьыгъуэпІым кьызэрагъэпэщ. Апхуэдэщ акцизхэр (процент 37-рэ), Іуэхущ1апІэхэм я хэхъуэм техьэ налогыр (процент 23-рэ), цІыхухэм кьаІэрыхьэм хуэзэ налогыр (процент 23,5-рэ), мылъкум техьэ налогхэр (процент 11). Налог хэхъуэхэм я процент 94-м щІигъур абыхэм я хьэкъкІэ зэщІагъэуІауэ.

КъБР-м и республикэ бюджетым и хэщІэхэр сом мелари 9-м мащІэу щІегъу, ар илъэс планым и процент 40,2-рэ мэхъу. Улахуэхэр, социальнэ зэпыщІэхэр тынымкІэ къапэщыта псори ягъэзэщІащ.

Нэгъабэ и дыгъэгъазэм кьащта мыгъэрей республикэ бюджетым зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ. Абыхэм япкъ иткІэ, и хэхъуэхэр сом мелард 20,978-рэ, и хэщІэхэр мелард 22,391-рэ, зыхущыщІэр зы мелардрэ мелуан 412-рэ хъунущ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэрал Іуэхущ1апІэхэм я хэхъуэм техьэ налогыр (процент 23-рэ), цІыхухэм кьаІэрыхьэм хуэзэ налогыр (процент 23,5-рэ), мылъкум техьэ налогхэр (процент 11). Налог хэхъуэхэм я процент 94-м щІигъур абыхэм я хьэкъкІэ зэщІагъэуІауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къулыкъущІапІэм и Іуэхукіэ»

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Махуэшхуэм ирихьэлIэу

●ЗэлущIэхэр

Налшык дэт курыт школ №4-м ЕгъэджакIуэм и махуэм ирыгащэхьэпа гуфIэгъуэ пшихь щекIуэкIащ. Махуэшхуэм хэзгъэзэщIа пэшышхуэм цыхьэхэсащ республикэм и егъэджакIуэ пашэхэм, гъэсакIуэ ныбгъэхэм ящыщхэр. Абыхэм ехъуэхъуну гуфIэгъуэм зыкъыригъэхьалIащ КъБР-м и Правительствэм и У нафэщIым и къуэдзэ Ермэн Берболе т, КъБР-м и Парламентым и Къэбмадзэм и къуэдзэ Саенкэ Татьянэ, КъБР-м и Президентым и чэнджэщгъэ Уэнаевэ Iэминат, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и кIэлэпкъэ зыгъэзащIэ Щхьэгъэпсэ Сэфарбий, нэгъэущIэгъэн.

ГУФIЭГЪУЭР къыз эуихащ Щхьэгъэпсэ Сэфарбий. Ар гуапэу ехъуэхъуащ ди щIыналъэм и егъэджакIуэ ефом.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыгуэшхуэн куэд иIащ. Абыхэм ящыщщ ди щIыхьбэ егъэджакIуэхэр, «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым щытекIуэу УФ-м, КъБР-м я саугъэт ныкъущхьэхэр зыхуагъэфэща лэжьакIуэ пэрытхэр, егъэджэныгъэ Iэнатlэм зезыгъэужь, абы щIэ куэд хэзылъхьэурэ езыгъэфIакIуэ Iэщlагъэлlхэр, курыт школхэм, гимназиехэм я унафэщI щыпкъэхэр, - кIыхьитэщащ абы. - КъгъэгуфIэ нпъэс кьэс ди школхэм егъэджакIуэ нобжьыщIэхэр къызэрыкIуэм. Абыхэм егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм Iуэку зехьэкIэщIэ мардэхэр, гупсысэкIэщIэхэр хальхьэ. Шк ольщIэхэр, сабий гъэсапIэхэм я унафэщI щыпкъэхэр, - кIыхьитэщащ абы. - КъгъэгуфIэ нпъэс кьэс ди школхэм егъэджакIуэ нобжьыщIэхэр къызэрыкIуэм. Абыхэм егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм Iуэку зехьэкIэщIэ мардэхэр, гупсысэкIэщIэхэр хальхьэ. Шк ольщIэхэр, сабий гъэсапIэхэм я унафэщI щыпкъэхэр, - кIыхьитэщащ щэщIауэ щокIуэкI зэкъуэкIыныгъэхэр, къыщагъэсэбэн къэрал стандартыщIэхэр. А псори зэфIэзыхьыр егъэджакIуэрэ - зигури зи псэри щIэблэм яхуэзIуха щIыху щыпкъэрщ.

Апхуэдэу махуэшхуэр зейхэм ехъуэхъуа нэхъыжь, егъэджакIуэхэм ящыщ гупышхуэ ягъэпэжащ щIыхь, фIыщIэ тхыльхэмкIэ. Абыхэм яхэтщ КъБР-м и Президентым къыбгъэдэкI фIыщIэ тхыльхэр, КъБР-м и Парламентым, Правительствэм я щIыхь тхыльхэр; цIэльпIэхэр хуагъэфэщащ егъэджакIуэ Iэнатlэхэм щыпэрыт лэжьакIэ зыгъэужьыгъэ щIыхь тхыжьнущ КъБР-м и Правительствэм и Унэм. Зэлущ1эм я цIэ къыщрагъуащ икIи щIыхь тхыльхэр ираташ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым щытекIуэ егъэджакIуэ 23-м.

Зэлущ1эр зэрэдгъэзэжкIэ, къафэхэмкIэ, усэхэмкIэ ягъэдгъэжащ республикэм и узрэдгъэлакIуэ ныбжьыщIэхэу Жетеев Заур, Аренгольд Сабинэ, Бэрбэч Исльам, къалащхьэм дэт курыт школ №4-м и ныбжьыщIэ гупым.

КIУЖ Иннэ.

Журналист лэжьыгъэм куэдрэ гъэзугаиз утрешэ, зи ныбжьыкIи, зи гупсысэкIи зэтемыкуэ Iэжьи нэIуасэ рихуащ - ар зи гущIэгьэIэ псэуж цIыху къызэрыгуэкIыуи щрет. «сэ схуэдэ щыIэ» жызIэ унафэщIышхуэуи ирехъу. Псом хуэмыдуэ сэ сфIэфIщ пщIэ зиIэ ди Iыхьэ зыщIэ, куэд зи нэгу щIэкIа ди нэхъыжьыфIхэм саIуущIэн. Абыхэм жаIэу мызэмытIэу зэхэсхащ мыпхуэзэ Iуэху еплъыкIэ: зи Iэнатlэр зэмэму зезыхьэфынури, нэгъуэщIыр зи щхьэм езыгъэтынури, зи лъэпкъым, зи щIынальэм, къэзылъхуам яхуэфащэ пщIэр яльыхыгъэсыфынури зи ныбжь изу къэтэджа цIыхуракъым, атIэ гугъуехьым щIапыкIарщ. Ар сигу къокIыж илъэс тIощI хуэдэ и пэкIэ цIыхугъэ схуэхьуащ щIэ Пагуэ Мухьэмэд сыIуущIэхукIэ. Аращ нобэ фи пащхьэ итлъхьэ тхыгъэр зытедхуар.

МУХЬЭМЭД илъэс 15-м нэсауэ арат и адэ Хьэрун дунейм щехьакмэ. Мо зи Iэнкльэпкъыр тэмэму зэрымыубыда щIалэ цIыхьым къыгурыIуат анэм и закъэкIэ унагъуэри къыдалъхуа нэхъыщIэхэри зыхуей зэрыхуэмыязэнри, адэм и кьалэнхэм яцIыщ зыкъом и пщэ димыпхьажу хъуакъым. Унэкъуэщи благъэ гъунэгъуи дэстэкъым я къуажэ Къулькъужьин Ищхьэрэм. Аущ унагъуэм я нэхъыжь яцIхэщIыкIа, Iуэхуфи ныбжьыкIи, Iуэхуфи щIэныгъэ зиIэ лэжьакIуэшхуэу, жьлэм фIыуэ кьалъагъуу щытати, кьуажэ унафэщIкIэр егупсысащ бынунэм зэрадэIэпыкъуну щыкIэм. А лъэхъэнэм жьлэр къулейсыст, зауэр зэриухрэ дэкIаишхуи щыIэтэкъым, колхозым хэтхэм ахъшэ иратыфрэткъым, трудодень хуатх мыхъумэ. Абы къыхэкIыу «и сабийм ятригъэкIуэдэн сшI сынэжьынщ» жаIэри, Гуащэнэ школым лъэсакIуэу зигъэIэващ. Анэм и щIалэ пажэм, Мухьэмэд, «унагъэ Iуэхур си пщэ кьоо» жиIэу, и еджэныр кьиргъэтIэсхьакъым. Уеблэмэ, зы цIыху яло иримыгъэщIу, фIы дыдэу школыр кьиухащ.

ЕджапIэр къыщызэбнкIа щIалэгъуэ зэманыр тельыджкъэ - уи гуГъэр домбейрэ хъуэпсапIэхэм ряхъуэпIащIу, дунейр тIэу ркIэгъуэ гъхурымыкъуэрэ гъащIэ гъуэгурэшхуэ уэзытехьэнур къыпхуэмыгъэсу. Мухьэмэди иIэт и гур зыхуеIэ, и псэм щигъафIэ хъуэпсапIэ зыкъуэрыпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ къэралыгъуэхэм я Iуэхум теухуауэ Мэзкуу дэт еджапIэ нэхъыщIхьэм, «Институт востоковедения»-кIэ зэдзкIи, щIэтIысхьэныкIэ икъукIэ сэбэпшIуэ зэрыхьунур, абы и лъныкъуэкIи дяпэкIэ къэрал политикэм ар къыз эрыхьэщIхьэпэнур.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

●ДифI догъэтъапIэ

Зи гъащIэр IуэхуфIхэмкIэ гъэнщIа

сыIуохьэ, зыкъомрэ сыщIагъэхьакъым, итIанэ, сытми, сыщIащIэ Мэлбэкъуэм и деж. Арат абы и лIыщхьэр. ИгъащIэкIэ сигу икIыжьыкъым а махуэр - Тимборэ къыслIуощIэ, сегъэзатIысри сыщIэкIэрыIуэ. Iуэху хуэзэу Телефон япэ дыдэу абы и пэшрат щысльэгъуар. Трубкэр къытрекри иопсалъэ щIэныгъэ IуэхуэхэмкIэ министр Бабкъэр Борис. АрщхьэкIэ бронь щIыжэтхэкъым. Абы и ужькIэ партым и обкомым - Цавкиловым деж, нэгъуэщI щIыпIи псэльащ. Ари щымыхъуи, и секретарым жреIэ мэкъумэщ техникумым пищIэну. Ар щIэзэхэсхьи, си щхьэфэщым зиIэтащ - мэкъумэщ Iуэху сихуейтэкъым. Мо лIы Iущым гу льитащ си щIыпIэ. Сыт хуэдэ пэжыгъэ пэрытами, Мухьэмэд и Iэнатlэр зэрихьащ екIурэ ещхьу, гугъэзагъэу, къыбгъурытхэри ищхьэмкIэ тетхэри къыхуэзарэзыуэ. Къуныжьу щиIыгъами, «СыунафащIщ» жиIэу, игъэлажьэхэм елэгэкIакъым, лей ятригъэхьакъым, ятригъэхьэн дэнэ кэна, я пщIэр зэрилIатыным, щхьэж и гъащIэдэкIыр зэрылIигъэсыжьным сыт щыгъуи иужь итащ. НэгъэущIу жьлIэмэ, дэтхэнэ зыри и щхьэм ирилъытущ зэрагъэгурыкIуар. Аращ а лIыр зыIута Iэнатlэхэм щащымыгъупщэу, куэдрэ фIыкIэ и цIэ жиIэу нобэр къыздэсми къыщIекIуэкIыр.

Мухьэмэд и гъащIэ гъуэгуанэм кIэщIу дрикIуэж щхьэкIэ, а зэреджам, щылэжьаxэм сыт хуэдиз гугъуехь тригъэкIуэда, и акъылри, и щIэныгъэри, и шыIэныгъэри зяужь ит Iуэхум щхьэзыуэкIи хуиIщу, и щхьэ, и унагъуэ Iуэхум япэ зыIут Iэнатlэр иригъэщу. ЦIыхум цIыху хуэдэу зэрохьэтар, ноби зэрадэгъэкIыж, и гур гурыкIуэр я фIыщIэу абы ебж зи гъащIэ гъуэгуанэр щапхъэ телъыджэ хуэхъуа и адэм, зоотехник Iэщlагъэ къыздэсыгъэ Мэлбэкъуэ Тимборэ, мэкъумэщ IуэхумкIэ министру щыта Хьэщlэлl Мухьэмэд, Бахъсэн районым и унафэщIу Iэнатlэ Гуанэ ПIытIу сымэ. Апхуэдэу абы и гъащIэ гъуэгуанэм сэбэп къыщыхуэхъуащ КIуэкIуэ Валерэ, Нэхущ Заурбий сымэ...

ПащIэдэз классхэм щыщIэса лъэхъэнэм Мухьэмэд и адэм кьригъэщIауэ щытащ КъурJэн еджэкIэ. Ауэ пенсэм кIуэхукIэ, абы къыгурыгъэзжакъым. ИкIи тIыкIыжа нэужь, КъурJэнир кьищтэжати, еджэжкIэ щымыгъупщэжауэ къыщIэкIри, щIэрыщIэу щIипщытыкIыжащ. ИтIанэ, зыхьэщIи щыIащ, абы гъэщIагъэуну, щхьэпэу щилъэгъуаурэ щхьэкIэ. Абы и заказэкъым - Мухьэмэд зэфIакIэ тэмэму и щхьэм дэсхэр зыщыгуфIыкIа Iуэхуфl, Iуэху дахэ - Къуэнхьэблэм (Къулъкъужьи Ищхьэрэ) и тхьдэм, и нобэм ятеуэуауэ тхьилъ хьэпэмэти и Iэдакъэ къыщIэкIащ. А тхьилъ Iуэ гъащIэрэщIам итщ я жьлэм дэс унагъуэхэм, щIэр щхьэрэ зиIэу къыздэкIауэ хъуам ятеуэуэ тхьилъ щхьэхуэрэ я сурэтхэрэр.

- БалигъыпIэ сыщиуам сегъэзыжьауэ си гъащIэр къесхьэкIащ фIым сыпэпльэу, пщэдейрей махуэр нэхъ дахэж зэрыхъунур си фIэщ хъууэ, абы сыхуэлажьэу,- жIэ Мухьэмэд.- Си закъуэкъым, псори дыапхуэдэт. Иджы-щэ? Дэ, нэхъыжьхэр, дыщIэпсэу, ди лъэпкъыр пщэдей зыщыгугъ щIалэгъуалэм я нобэм, я пщэдейм, кьапэплъэ гъуэгур зэрымыупщIым хуабжьу сегъэгуэзаз. Абыхэм я Iуэхур лэжьапIэкIи, сыт и лъэныкъуэкIи зэтеувауэ, иужь зэманым къэхуэ мыхъумыщIагъэ-щIэпхъаджагъэ шынагъуэхэм ятIэщIэу, я къэкIуэнур нэхъыфI зэрыхъунур уи фIэщ зыщI нэщэн гуэрхэр сыпсэу щIыкIэ слъэгъуарэр жысIэу аращ си хьэрэсапIэр...

И щIалэгъуэм хуэдэу ноби жанщ Пагуэ Мухьэмэд. Ар жыджэру хэтщ я жьлэм, районым щекIуэкI Iуэхугъуэ куэдым, дин гъэсэдагъэуэрыбыкIуар. Аращ а Iыр зыIута Iэнатlэхэм щащымыгъупщэу, куэдрэ фIыкIэ и цIэ жиIэу нобэр къыздэсми къыщIекIуэкIыр.

Мухьэмэд и гъащIэ гъуэгуанэм кIэщIу дрикIуэж щхьэкIэ, а зэреджам, щылэжьаxэм сыт хуэдиз гугъуехь тригъэкIуэда, и акъылри, и щIэныгъэри, и шыIэныгъэри, зяужь ит Iуэхум щхьэзыуэкIи хуиIщу, и щхьэ, и унагъуэ Iуэхум япэ зыIут Iэнатlэр иригъэщу. ЦIыхум цIыху хуэдэу зэрохьэтар, ноби зэрадэгъэкIыж, и гур гурыкIуэр я фIыщIэу абы ебж зи гъащIэ гъуэгуанэр щапхъэ телъыджэ хуэхъуа и адэм, зоотехник Iэщlагъэ къыздэсыгъэ Мэлбэкъуэ Тимборэ, мэкъумэщ IуэхумкIэ министру щыта Хьэщlэлl Мухьэмэд, Бахъсэн районым и унафэщIу Iэнатlэ Гуанэ ПIытIу сымэ. Апхуэдэу абы и гъащIэ гъуэгуанэм сэбэп къыщыхуэхъуащ КIуэкIуэ Валерэ, Нэхущ Заурбий сымэ...

ПащIэдэз классхэм щыщIэсу, зыкъомрэ сыщIагъэхьакъым, итIанэ, сытми, сыщIащIэ Мэлбэкъуэм и деж. Арат абы и лIыщхьэр. ИгъащIэкIэ сигу икIыжьыкъым а махуэр - Тимборэ къыслIуощIэ, сегъэзатIысри сыщIэкIэрыIуэ. Iуэху хуэзэу Телефон япэ дыдэу абы и пэшрат щысльэгъуар. Трубкэр къытрекри иопсалъэ щIэныгъэ IуэхуэхэмкIэ министр Бабкъэр Борис. АрщхьэкIэ бронь щIыжэтхэкъым. Абы и ужькIэ партым и обкомым - Цавкиловым деж, нэгъуэщI щIыпIи псэльащ. Ари щымыхъуи, и секретарым жреIэ мэкъумэщ техникумым пищIэну. Ар щIэзэхэсхьи, си щхьэфэщым зиIэтащ - мэкъумэщ Iуэху сихуейтэкъым. Мо лIы Iущым гу льитащ си щIыпIэ. Сыт хуэдэ пэжыгъэ пэрытами, Мухьэмэд и Iэнатlэр зэрихьащ екIурэ ещхьу, гугъэзагъэу, къыбгъурытхэри ищхьэмкIэ тетхэри къыхуэзарэзыуэ. Къуныжьу щиIыгъами, «СыунафащIщ» жиIэу, игъэлажьэхэм елэгэкIакъым, лей ятригъэхьакъым, ятригъэхьэн дэнэ кэна, я пщIэр зэрилIатыным, щхьэж и гъащIэдэкIыр зэрылIигъэсыжьным сыт щыгъуи иужь итащ. НэгъэущIу жьлIэмэ, дэтхэнэ зыри и щхьэм ирилъытущ зэрагъэгурыкIуар. Аращ а Iыр зыIута Iэнатlэхэм щащымыгъупщэу, куэдрэ фIыкIэ и цIэ жиIэу нобэр къыздэсми къыщIекIуэкIыр.

«Экзаменым зэрызыхуэбгъэхьэзырын тхьилъ хэпшIощхуэнц» жаIэу, Мэлбэхъуэм и унафэкIэ тумэнитху къыщратам, Мухьэмэд дуней гуфIэгъуэр иIэт. ИгъащIэм илъэгъуатэкъым апхуэдизу ахъшэ зэуIуу. А щIыкIэм тету, зы тхьэмахуэкIэ зыхуегъахьэзыр, экзаменхэр етри, мэкъумэщ техникумым щIотIысхьэ щIалэщIэр...

Техникумыр кьиухэ нэужь, Пагуэ Мухьэмэд зоотехник нэхъыщхьэу ягъэкIуэ Совет районым щыIэ «Зэныбжьэгъугъэ» колхозым. Абы и ужькIэ кьелъэIущ, Зэрэгъыж къуажэм ящыгъ, а Iэнатlэ дыдэр кьратащ. Абыи илъэс зыбжанэкIэ щыIэри, Бахъсэн районым кьигъэзэжащ икIи и IэщlагъэмкIэ я къуажи, Iуэхущlапlэ зыбжанэми щылэжьащ. Iэнатlэ зэрыIуэтым хуэдэурэ, Мухьэмэд кьиухащ Орджоникидзе дэт мэкъумэщ институтыр. Абыкъи игу мызагъэу, 1970 гъэм Мэзкуу кIуэщ, аспирантурэм щIэтIысхьэри, ари къызэринэкIащ, мэкъумэщ щIэныгъэхэм я кандидат хъуауэ. Мо щIэныгъэфI зыбгъэдэль, акъыл жан зиIэ IэщlагъэлIыр ягу ирихьри кьагъэнэну хэтат ди къэралым и щIыхьэрым, уеблэмэ фэтэркIи къъгъуэгъат, арщхьэкIэ адэжь щIыналъэмкIэ зэпсымыуэ зи гур кьеIэ Мухьэмэд и псэм къыхуидакъым кьимыгъэзэжьын. КъэкIуэжа нэужь, Пагуэр лэжьащ БахъсокIуэ Совет Iэмэпсымэм и хъыщIыкъэу, Къубэ-Тэбэ дэт, бжьэ щагъэхьэу хозяйствэм и тхьэмадэуи, Щоджэнщlыкlым Нэхъ иужьkIэ еджапIэ центри къызэIуахыну я мурадщ.

Проектыр гъэзэщIэным хиубыдэу иджыпрей Iэмэпсымэ нэхъыфIкIэ кьащэхунущ. Апхуэдэу инфраструктурэм зрагъэужьнущ. Иджыпсту унафэщIхэмрэ Iэщlагъэлlхэмрэ щIалажьэ унэм и пэшхэр кьагъэщIэрэщIэж, иджырей шхапIэ ящI.

«Къэббалъкъипс» ООО-м и унафэщIхэм щач кьытрахьэрыкIыж ар Урысеим и апхуэдэ Iуэхущlапlэ нэхъыфI дыдэу пщIым ящыщ зэращIыфынум.

ТАРИМ Алисэ,
Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и лэжьакIуэ.

●Юбилей

МурадыфIхэр зи плъапIэхэр

«НЗПП» ОАО-м фокIадэм и 29-м щыIэхэтащ Iуэхущlапlэм япэ полупроводник Iэмэпсымэхэр къыщIигъэкIын зэрыщIидзэрэ илъэс 45-рэ зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэ зэIущI. Абы кьрихьэлIащ КъБР-м ПромышленностымкIэ, связьмрэ информатизацэмкIэ и министерствэм. Налшык кьалэ администрацэм, республикэм и Промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я зэгухьэныгъэ я лIыкIуэхэр, заводым и ветеранхэр.

«НАЛШЫК полупроводник Iэмэпсымэ завод» акционер обществэ зэIуакIэм ирихьэлIащ Щыпашэ Аслъэн къызэуэсахэм щекIуэхьэхьум, Iуэхущlапlэм и тхьдэм къытеувыIащ, абы и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэм гуапэу я цIэ кьрIуащ.

- 1963 гъэм и мэлыжьыхьым заводым и лъабжьэр ягъэтIылъащ. Ар икьукIэ ухуэныгъэкъуэ. ИтIани, илъэсищым кьрипубладу зэрIагъэхуэзри, 1966 гъэм и фокIадэм япэ продукцэ нэхъыщхьэр щагъэхьэзыру щIадзащ. А зэманырщ Iуэхущlапlэр къызыдэбжэри. Къыщыдэуахам щегъэжьауэ, абы и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэ щыIэ. Ар зэманым кьытеувыIащ, абы и зыужьныгъэм и Iэнатlэ зэрыщIэкIыр. Я Iэдакъэщ1экIэм я фIагъым зэрыхагъэхъуэным йогугъу, полупроводник Iэмэпсымэхэр зэращI обрудованэ лъэщхэм хуосакъ. Къэралым ЗыхьэумэжьныгъэмкIэ и министерствэм и Iуэхущlапlэхэм папщIэ кьыщIагъэкI интегралэ микросхемэхэр. Абы къыщыгъуэ хэхаухэр зэрагъэхьэзыр технологиер зэтраухуэжащ.

- 2004 гъэм щыщхьэIм и 4-м Урысей Федерацэм и Президентым кьыдигъэкIа Указ №1009-мкIэ ЗыхьэумэжьныгъэмкIэ промышленнэ комплексым стратегие мыхьэнэ зиIэ и предприятэхэм я заводыр хагъэхьащ, къэрал заказэкIэ дотъэзащI. Апхуэдэу УФ-м и Радиоэлектронпромышленностым и учреждениитIу - кьыхигъащI Iуэхущlапlэм и тхьэмадэм. - Мурадыщхьэхэр диIэщ. 2017 гъэ пщIондэ «НЗПП» ОАО-м и финанс Iуэхухэр зэредгъэфIэкIуэнум и программэ дгъэхьэзыращ, зыхьэумэжьныгъэмкIэ Iэнатlэхэр зыхуейхэр догъэхьэзыр. 2014 гъэм инвестицIэу илъэсым экономикэ фейдэуэ сом мелуани 5 кьыдэзытыну инвестицIэ проект зэхэтIахьащ. Абы и фIыгъэкIэ, полупроводник Iэмэпсымэхэрэ интегралыгэ микросхемэхэмрэ щыIэзэпкъритлъхьэ Iэнатlэм зедгъэубгъунущ. Мы Iуэхум инвестицIэу сом мелуан 15 кьыщIидгъэсэбэныну тедгъэущ. Ар мазэ 21-м щыIэзэкъыжьынущ. Токым кьыдэзыгъаку я электроникIэ лIэужьыгъуи 5-м тещIыхьа инвестицIэ проект догъэ хьэзыр. «Урысейм экономикэмкIэ и институт» ФГУП-мрэ Новочеркасск кьалэм щыIэ «Локос» конструктор бюро хэхамрэ я Iэщlагъэлlхэр тщIыгъуу доллар мелуани 10 и уасэ я программэм долэжь. Абы илъэсым экономикэ фейдэуэ сом мелуан 30 кьытхуихыныну дыщоугъу. Уэрамхэр, щIыхьэпIэхэр зэрагъэнэжу, электрокьар ум кьыдэзыгъаху я диод у эзыгъэхэр кьыщIэдгъэкIыну ди мурадщ. Проектыр хьэзырщ, мы зэманым абы республикэм и Правительствэм щыхоплъэ.

ЗэуIуу, щIыхьэпIэр и фIыгъэкIэ дыдэу зэдыхьэкIащ. А лэнныщIэ зэ хэр кьыз эрыдгъэхуIэнур си фIэщ мэхъу.

ГуфIэгъуэ з эзэхьхэм хэтахэм хьэ хъуГупэкIэ зыхуагъэзащ Налшык кьалэ администрацэм промышленностымкIэ, транспортымрэ связьмкIэ и кьудаемэм и Iэщlагъэлl нэхъыщхьэ **Шавчий Геннадий**, заводым и ветеран **Къуджэхьэ Хьэдис**, «Къэббалъкъаудит» ООО-м и тхьэмадэ **Гуэбэщыкl Жантемыр**, республикэм и Промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я зэгухьэныгъэм и гъэзэщIакIуэ унафэщI **Мэшыкьуэ Хьэсэнбий**, Iуэхущlапlэм папщIэ Iэщlагъэлlхэр зыгъэзыжьауэ щыта профтехучилищ №1-м и директор **Щаужь Мухьэмэдин**, «НЗПП» ОАО-м и профсоюз комитетым и Iэтащхьэ **Зеущэ Хьэзрэталий** сымэ, нэгъэущIэкIэм.

Илъэс зэмылIэужьыгъуэм предприятэм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, ноби Iэнатlэм щыпэрыт цIыху гупышхуэм КъБР-м Промышленностымкlэ, связьмрэ информатизацэмкlэ и министерствэмрэ «НЗПП» акционер обществэ зэIухамрэ я щIыхь тхьилъхэр, фIыщIэ тхыгъэхэр ираташ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Москва и унафэщI Собянин Сергей иригъэблагъэри, «Москва и къэзакъ станицэ» дунейпсо фестивалым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэр.

ТЭРЧБалъкъ щIыналъэ къэзакъ зэгухьэныгъэм и унафэщI Любуня Николай зи пашэ гупым кьыз эуэсахэр щагъэтрэуэщащ тэрч къэзакъхэм я щэнхабзэм, тхьдэм, апхуэдэуи ахэр жьыдэрэу хэтащ спорт зэхьэзэхуэхэм, макьамэ фестивалым. Бочаровэ Галинэ зи унафэщI «Тэрч къэзакъхэр» къэрал ансамблым я зыкъэгъэльэгъуэкIэр псомиз гум дыхьат, абы кьыхуагъэфащащ Москва и Iэтащхьэм и Щыхь тхьилъыр.

Фестивалым хэту екIуэкIащ жармыкIэ. Ар щыIэхэта утыкур кьэзакъ станицэм и тепIэр иIэу кьыз эрагъэпэщат. Абдежым ди республикэм икIа къэзакъхэм кьагъэльэгъуащ езыхэм щIым кьытраха гъавэхэкIэр, лъэпкъ Iэщlагъэлlхэр зэлажь хьэпшIыпхэр Москва и зэрэрагъэжьауэ Iуэхур зэтраублэфыну зэрыщытыр.

Тэрч къэзакъ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэм я зыкъэгъэльэгъуныгъэм кьыз эрыгъэжьауэ, ауэ ухуэныгъэщIэхэр нагъэса нэужь, кьыщIагъэкIыр зэгудитхуэкIа нэхъыбэ яхуэщIынущ. Мы Iэнатlэм цIыху 500 нэхъыбэ мыпхъэ мащIэ щылажьэнущ. Иджыпсту Iэнатlэхэм пэрыувэну Iэщlагъэлlхэр ирагъаджэу хуежьащ. Зэрыгуры Iуэгъуэци, рабочэхэм я зэфIэкIми нэрылъагъуу хамыгъахъуэу зыхунукъым. Iуэхущlапlэм кьыщыззрагъэпэщынущ кьыщIитгъэныгъэхэр иригъэкIуэкIын папщIэ зыхуеину Iэмэпсымэ псори зиIэ щIэныгъэкъэхутакIуэ лабораторэ. Нэхъ иужьkIэ еджапIэ центри къызэIуахыну я мурадщ.

Проектыр гъэзэщIэным хиубыдэу иджырей Iэмэпсымэ нэхъыфIкIэ кьащэхунущ. Апхуэдэу инфраструктурэм зрагъэужьнущ. Иджыпсту унафэщIхэмрэ Iэщlагъэлlхэмрэ щIалажьэ унэм и пэшхэр кьагъэщIэрэщIэж, иджырей шхапIэ ящI.

«Къэббалъкъипс» ООО-м и унафэщIхэм щач кьытрахьэрыкIыж ар Урысеим и апхуэдэ Iуэхущlапlэ нэхъыфI дыдэу пщIым ящыщ зэращIыфынум.

ТАРИМ Алисэ,
Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и лэжьакIуэ.

ЛэжьапIэ IэнатIэщIэу 300

Ухуэныгъэм ирахьэлIэ иджырей материалхэр къыщIэзыгъэкI «Къэбэлъкъипс» ООО заводым лэжьэгъэщхуэ щокIуэкI. Мы Iуэхущlапlэм и унафэщIхэм я мурадщ къыщIагъэкI продукцэ лIэужьыгъуэхэм я бжыгъэмрэ абыхэм я фIагъэмрэ адэкIи хагъэхъуну. Абы папщIэ мы зэманым заводу щы, сырыкъыщыщIах, ар щахьэж Iэнатlэ щухуэ.

IУЭХУЩIАПIЭМ производствэмкIэ и Iэтащхьэ, проектым и унафэщIым и япэ къуэдзэ Тохаев Хьисэ кьыз эрыджи IамкIэ, ухуэныгъэхэр 2012 гъэм и япэ квартэлым къэрибудэу хьэзыр щIыну я мурадщ. Iэнатlэщlэхэр лажьэу хуежьа нэужь, абы щащI куутIхэр ирагъэпIэкIуэнущ, я Iувагъэр милиметри 100-м нагъэснущ (иджыпсту зэрыхьэр милиметр 80-щ). Iуэхущlапlэхэм апхуэдэу щащIынущ унэ кIуэщIхэр зэрызэрахьэ штукатур хьэжьгъэр, гипсым кьыхэщIыкIа панелхэр, пкъыгъуэхэр зэрызэрагъэуэбыдащхэпсхэр, нэгъуэщI куэди. Продукцэр нэрылъагъуу зэрефIэкIуэнум кьыхэкIыу, абы щIэупщIэщхуэ иIэнущ.

Урысеим щыIэ мыпхуэдэ Iуэхущlапlэхэм куэд яхэтхьэм езыхэм я сырыкъыщIэхьэпIэ я IэжьУ. «Къэббалъкъипс» ООО-м гипс мывэр кьыщыщIих щIыпIэр Тырныауз кьалэм иподстанцие 25-кIэ пэжьжьэу Бедык къуажэм щыIещ. Зэкlэ кьызэрахутамкIэ, а щIыпIэм гипс мывэу тонн мелуан 25-рэ хуэдиз щIэлъщ. Ар икьукIэ куэд мэхъу, Iуэхущlапlэм илъэс къэс тонн мин 500 фIэкIа кьызэримыгъэсэбэнынур кьэпIыпхьатIэмэ. Тохаев Хьисэ зэрыжиIамкIэ, зыхуэфащэ кьэхуэтэныгъэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIри, мы кьыщIэхьапIэм Iэнатlэ зебгъэубгъу хъунущ.

Зэкlэ заводым махуэ кьэс гипс хьэжьгъэу тонн 200 хуэдиз хуэгъэхьэзыру араш, ауэ ухуэныгъэщIэхэр нагъэса нэужь, кьыщIагъэкIыр зэгудитхуэкIа нэхъыбэ яхуэщIынущ. Мы Iэнатlэм цIыху 500 нэхъ мыпхъэ мащIэ щылажьэнущ. Иджыпсту Iэнатlэхэм пэрыувэну Iэщlагъэлlхэр ирагъаджэу хуежьащ. Зэрыгуры Iуэгъуэци, рабочэхэм я зэфIэкIми нэрылъагъуу хамыгъахъуэу зыхунукъым. Iуэхущlапlэм кьыщыззрагъэпэщынущ кьыщIитгъэныгъэхэр иригъэкIуэкIын папщIэ зыхуеину Iэмэпсымэ псори зиIэ щIэныгъэкъэхутакIуэ лабораторэ.

●ЩIэнхабзэ

Республикэм щыпсэу къэзакъхэм я зэфIэкI

хэщыт иджырей щIалэгъуалэм гъащIэм щаIэ лъапIэныгъэхэр зэбзыхуныкIэ лъэпкъ хабзэхэм яIэ мыхьэнэ зыхуэдэр. Фестивалым зэхуишэсащ Урысейм и хэгъэгу зэмылIужьыгъэхэм хамэ къэралхэм щыIэ къэзакъ зэгухьэныгъэхэм, егъэджэныгъэ Iуэхущlапlэхэм, хуосакъ зэгухьэныгъэ щIэтIысхьэныкIэ. АрщхьэкIэ «Уи тепIэн еплъи, уи лъэ укъуэдий» жыхуаIэрати, щIалэщIэм кьыгурыIуа и гур зыхуеIэм зэрыпэмыплъыжьыну. ЩIэтIысхьэми, къыдэлэпкъыр щIыбагъ иIэтэкъым. Сыт ищIэнт, гуитIщхьитI хъуауэ, зыгуэрхэм я чэнджэщкIэ Налшык дэт пединститутым тхыдэмкIэ и кIуэдамэм и тхьилъхэр ираташ.

- Зы экзамен фIэкIа кьыскъуэмынэжауэ, ди еджапIэм сыщIэхуа нэужькIэ, а си нэ кьызыхуикI Мэзкуу институтми заочнэу сыщIэтIысхьэну си мураду, бронь къэзгъэтынщ жызоIэри, ижь сохьэ, - игу кьеГэжьkIэ Мухьэмэд,- сокIуэ Совет Iэмэпсымэхэр зыщIэс эмэ. Абы щыгъуэм ар щылажьэр иджыпсту 2-нэ школыр щылажьэ унэрати, Мэзкуу кIуэщ, аспирантурэм щIэтIысхьэри, ари кьызэринэкIащ, мэкъумэщ щIэныгъэхэм я кандидат хъуауэ. Мо щIэныгъэфI зыбгъэдэль, акъыл жан зиIэ IэщlагъэлIыр ягу ирихьри кьагъэнэну хэтат ди къэралым и щIыхьэрым, уеблэмэ фэтэркIи къъгъуэгъат, арщхьэкIэ адэжь щIыналъэмкIэ зэпсымыуэ зи гур кьеIэ Мухьэмэд и псэм къыхуидакъым кьимыгъэзэжьын. КъэкIуэжа нэужь, Пагуэр лэжьащ Бахъсокlуэ районым и зоотехник нэхъыщхьэу, Къубэ-Тэбэ дэт, бжьэ щагъэхьэу хозяйствэм и тхьэмадэуи, Щоджэнщlыкlым

ЦIыху гуп щхьэхуэхэм гъэзугупщIэкIэ зэрадэIэпыкъур

Лъготэ зиIэ язныныкъуэ цIыхухэм жылагъуэ транспортымкIэ ямызэракIуэным билетхэр 2011 гъэм жэпуэгъуэм я 1-м кьыщыщIэзэуэ зэрырамышжьыкIа кьожьду Къэрэ исхэм, псом хуэмыдуэ Налшык дэсхэм ящыщ куэдым гукъеуэ яIэщ.

АБы и лъэныкъуэкIэ кьэзгъэльэгъуапхэщ: Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ абы ныкъуэныкъуэ хэхъухьахэмрэ, зэпэщIэныгъэ цIыхьэхэмрэ я ветеранхэм, сымаджэгъэкIэ ныкъуэдыкъуэ хъуахэм, Чернобыль кьыщыхьуа гуэзвэгъуэр гъэзэкIуэжьыным елэжьахэм япэкIэ хуагъэувауэ щыта льготэхэр 2005 гъэ лъандэрэ ахьшэм хуагъэкIуэу я мазэ кьэс ират. А ахьшэм хеубыдэ псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхь